

Y o u s s o u N ' D O U R

E T

L E S U P E R E T O I L E ,

4 0 , A v e n u e M A L I C K S Y ,

D A K A R

Dakar, le 2~~1~~ Mars 1986A P A R T H E I D ( par Youssou N'DOUR, en Wolof )Câssette n° 11, intitulée : Bekoor, Face 1, 2<sup>ème</sup> Titre.

- Texte chanté en Wolof -

A P A R T H E I DYoussou N'DOUR ( en solo ) :

Iyóó ! Yaayóó ! Yaayee !

AFRIKAA,

jóóg jot naa !

} (Bis)

Maangi dellu di sàaku ndimbël

jëmële ci rééwi Afrikaa !

Ndimbël li, nag dé, mooy :

nun waa Afrikaa,

danoo wara booloo

xeex ak ñiy jéema noot sunuy réew.

Ndaxte, ndimbël, na ca fekk

loxol boroom.

Li ma gëna jooyloo, Yaay !

Li ma gëna jooylooo, Yaay !

mooy metiit wu tar

wi nga xam ne

moom la Waa "Afrique du Sud " gee dëkke !

Angola, Mozambique, Zimbabwe,

Botswana, Zambie !

} ( 4 fois )

Nit ku nekk war ngaa

fàttiliku bëccëgu SOWETO ja !

Daanaka moo raw Talaatay N'Deer (\*).

Tubaab ya dañoo jël

Nit ñu ñuul ■ ña moom réew ma

tuxal leen ■ ci yeneeni gox,

tudde ko " bantustan,"

... / ...



ber jigéen ña,  
 ber góór ña,  
 di leen samm  
 mbete ku yor ay bàyyima.  
 Waruñoo wotee  
 te waruñoo bakk ak ku Weex jataay !  
 Te ku ñu xam ne dangay bàñ nooteel,  
 ñu rey la mbaa ñu sànk la !  
 Xoolal-ma jàmbaar ju mel ni  
 Nelson MANDELA !!!  
 Nelson MANDELA aaaa !  
 Aaa ! Aaaaa !  
 Aaaaa !  
 Huuuuu !  
 Aye ! Yeee !  
 Yee ! Ye! Yeeee !  
 "South Africa"aaa !

Maputo, Soweto, Lesotho !  
 jaa-jëf...

} ( 4 fois )

Youssou + Chœur: Nelson MANDELA !

Youssou : " O.U.A. " ak " O.N.U. " war na ñoo  
 fexe yeneeni pexe !

Maputo, Soweto, Lesotho !  
 jaa-jëf...

Youssou + Chœur: Nelson MANDELA !

FIN.

YOUSSOU NDOUR  
 ET LE SUPER ETOILE  
 40 Av. Malick Sy  
 B.P. 1310 - Tél. 21.22.49 - DAKAR  
 La Direction

Cig leeral :

(\*) Talaatay Ndeer : Bés a ngoogu bu magg ci sunub Nettiili.

Boobaak tey matagul ñaari-tééméeri àt, Ndeer a nekkoon pééyu réewum Waalo.  
 Ca jooja jamono, Naari Gànnar yi ( Trarza ) dañoo mënnoo na songaate lool  
 te ñoom Nit ku ñuul xamu ñu ca woon ludul def jaam.

Benn bés sub talaata ( ci weeru Novembre 1918 ), Amar MBOOJ, ma doon buurub  
 Waalo, demoon NDAR, yobbaale, nag, jàmbaar xexkatam yépp. Keroog la buuru  
 Naar ya Amar uld Maxtaar dajale xarekatam yépp, daaldi song dëkkub NDEER.  
 Fekku ñu fa ludul ay jigéen, ay maggat walla ay gone; nar leen a jàpp def ay  
 jaam, yobbu Gànnar. Wànde, keroog ña jigéeni Ndeer dañoo bàñ ne du ñu nangoo  
 nekk jaam mukk. Lingeer Mbarka MBOOJ moo dajale jigéen ña, ne leen :

" Dee, moo gën dund cig njaam. "■


... / ...



Noona la jigéen ña dajaloo ñoom ñépp ci biir néégub ñax bu màg, daaldi koy taal.

Looloo tax woykatu Senegaal bi du noppi muk di fàttiliku ak di màggal jàmbari " Talaatay Ndeer." Bëccäg boobu nga xam ne mënneesu ñkoo fàtte.

Mangoné Touré





Y O U S S O U N ' D O U R

E T

L E S U P E R E T O I L E

4 0, Avenue MALICK SY

D A K A R

Dakar, le 27 Mars 1986

A P A R T H E I D ( par Youssou N'DOUR, en Wolof )Cassette n° 11 intitulée : Bekoor, Face 1, 2<sup>ème</sup> Titre.A P A R T H E I DYoussou N'DOUR ( en solo ) :

Iyoo ! Maman ! Maman !

AFRIQUE,

il est temps de te lever !

} ( Bis )

Je m'en vais, encore une fois,

solliciter de l'Assistance

en faveur des Pays africains !

Voici en quoi consiste l'Assistance :

nous les Africains,

} ( Bis )

nous avons le devoir de nous unir pour combattre

ceux qui tentent d'occuper nos pays.

D'abord, cherchons à nous aider nous - mêmes

au lieu de ne compter que sur les autres.

Ce qui me fait pleurer le plus,

} ( Bis )

c'est la souffrance constante

que l'AFRIQUE DU SUD est en train de vivre.

Angola, Mozambique, Zimbabwe,

Botswana, Zambie !

} ( 4 fois )

~~Tout~~ ~~un~~ chacun a le devoir de commémorer

la Journée historique de SOWETO !

Celle-là a failli surpasser

le Mardi historique de N'Dèr ( \* ).

Les Blancs ont contraint les Noirs ( à qui appartient le

à déménager vers d'autres zones

Territoire)

appelées " bantoustans ".

Ils ont séparé les femmes et les hommes

et les ont accablé d'un contrôle inadmissible

comme qui agirait avec du bétail.

... / ...



Les Noirs n'ont pas le Droit de Vote !  
 Ils n'ont pas le Droit de siéger à côté des Blancs !  
 Et quiconque s'oppose à cette domination est sujet  
 soit à la mort ( à la peine capitale ),  
 soit à la disparition énigmatique !  
 Admirez, pour moi,  
 ce héros du cran de Nelson MANDELA !  
 Nelson MANDELA !  
 Aaa ! Aaaa ! Aaaaa !  
 Aye ! Yeee !  
 " South Africa " aaaa !  
 Maputo, Soweto, Lésoto !  
 Gloire à ...

} ( 4 fois )

Youssou + Choeur: Nelson MANDELA !

Youssou : L'O.U.A. et l'O.N.U. doivent  
 trouver d'autres solutions !  
 Maputo, Soweto, Lésoto !  
 Gloire à ...

Youssou + Choeur: Nelson MANDELA !

FIN.

Traduction française réalisée par

L'Attaché de Presse

YOUSSOU NDOUR  
 ET LE SUPER ETOILE  
 40 Av. Gallick Sy  
 B.P. 1310 - Tél. 21.22.40 - DAKAR  
 La Direction  
 Mangoné T O U R E

NOTES :

(\*) Le Mardi de N'Dèr :

N'Dèr, c'est le nom de l'ancienne capitale du royaume du Waalo vers le XIX<sup>ème</sup> Siècle. A l'époque, les Maures Trarza étaient très racistes et agressifs à la fois.

Un jour, un mardi de Novembre 1818, le roi des Maures Amar Ould Moctar, à la tête de son armée au grand complet, profita du séjour à Saint Louis du roi du Waalo Amar M'BODJ accompagné du gros de son armée

... / ...



pour faire main basse sur le village de N'Dèr. Mais, cette mise à sac du village en vue de réduire les femmes de N'Dèr à l'esclavage se heurta à la résistance farouche de ces dernières.

Et la reine M'Barka M'BODJ leur tint ce langage :

" Nous préférons la mort dans la liberté à la vie dans l'esclavage ! "

Aussi se rassemblèrent - elles dans une grande case à laquelle elles mirent le feu, se brûlant vives dans la dignité et l'honneur saufs.

Telle est, en deux mots, la juste cause pour laquelle le Chanteur sénégalais est fier d'évoquer et de glorifier les martyrs de la Journée historique de N'Dèr qu'il compare à celle non moins historique (du 16 Juin 1976 ) de SOWETO.

Mangoné Touré

